


# JAIROSI

 ...akagarwa nedhimoni, ane simba rake rakapetwa kangaite kashanu. Ndizvozvo. Ko, kana murume iyeye achigona kunyatsozviisa pasi padhiyabhore kudaro, zvokuti anopa...dhiyabhore anogona kumupa simba rake rakapetwa kashanu, ko munhu angaitei akazviisa pasi paMwari? Isimba rakapetwa kangani raangave naro? Ndiyo nzira iyo vakaremara vari pachigaro, vari pasi pechizoro chaMwari, vachigona kusimuka chaiko vofamba. Ndicho chikonzero; vakazvipira zvakazara kuMweya Mutsvene uye havafambi nesimba ravo, asi nesimba reMweya Mutsvene.

<sup>2</sup> Jesu akatuma vadzidzi vaKe kuti vaende, zvino Akakwira pamusoro pegomo kundovatarisa vachiyambuka gungwa. Ndinofunga nezvazvo nguva dzakawanda, uye ndofunga kuti vadzidzi vakanga vari...vaifanira kuenda zasi kundogadzirira igwa. Asi panzvimbo pokugadzirira igwa, vakangopinda muigwa ndokupfuurira mberi. Vakafunga kuti, “O, saka, zvichange zvakanaka. Tinogona kufanoenda mberi.” Vakavimba neigwa.

<sup>3</sup> Uye handizivi kana tisina kumboenda, nguva zhinji, tisina Jesu muigwa. Tinoti, “Saka, tiri vechechi, hazvina kunaka here?” Izvozvo hazvina kukwana. Kwete, hazvina. Tinofanira kuva naJesu pamwe chete nesu. Zvisinei nokuti chirongwa chedu chii, tinofanira kuva naYe. Ndiye musimbotti wezvinotarisirwa. Ndiye musimbotti wepfungwa, musimbotti wehupenyu. Hakuna hupenyu hunogona kuuya neimwe nzira, asi kubudikidza naJesu Kristu. Hapana rubatsiro runogona kuuya neimwe nzira, asi kubudikidza naJesu Kristu.

<sup>4</sup> Asi ndinoda kuti mutarise. Ndichiona igwa duku iroto richienda mugungwa. Zvino Jesu akauyako, achiona kuti vakanga vaenda vasinaYe, Aifunga nezvavo, zvakadaro. Akakwira pamusoro pegomo, ndokuvatarisa pavaishanda nesimba. Oo, ini zvangu. Dai wanga uri iwe kana ini, zvino mumwe weshamwari dzedu wotiitira saizvozvo, taizosiyana neshamwari iyoyo, asi kwete Jesu. Zvisinei kuti wakaitei, Akagadzirira kuzvikanganwa, kana ukangozvireurura.

<sup>5</sup> Uye ndinofunga nguva zhinji patakangoenda. Uye ndinofunga pamusoro peUyo mukuru, Uyo asina kungokwira gomo bedzi, asi Akakwira Gorogota, nhare dzeKubwinya, uye Agere muHumambo hwaKe manheru ano, achitatarisa mumaigwa edu madiki ano asina simba, apo tichitomuutswa-tomuutswa nemhepo dzenguva, tinotomuutswa pagungwa.

<sup>6</sup> Asi mhiri kwegungwa kwaiva nomurume mudiki wandaigara ndichiita sekuyemura, uye wandaiita sekunzwa

kuva mudiki kwaari. Ndinoda, kana ndasvika muKubwinya, ndinoda kumubvunza kuti sei asina kunyatsobuda pachena uye opupura kutenda kwake pakutanga. Zita rake ndiJairosi. Aive muprisita, kana, mu—mufundisi, tichazvidana kudaro, wechечи huru ikoko. Uye Jairosi, sevanhu vazhinji nhasi, aitenda muna Ishe Jesu, asi sangano rake—rake raipesana nemashandiro aKe esimba raKe. Tina vanaJairosi vangani muLos Angeles manheru ano? Zvimwe chetezvo. Akatenda Jesu. Ndinomuti mutendi wepamuganhu.

<sup>7</sup> Tine vatendi vakawanda vepamuganhu kwese-kwese manheru ano. Vanoda kutenda, asi havatongokwanisi kuzviita nekuda kwemukurumbira munharaunda nezvimwe zvakadaro. Havangogone kuregedza uye vozvipira vachiti, “Ndinotenda kuti Jesu Kristu achiri kupa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; simba rakazunguza nyika mumazuva evadzidzi richiri rimwe chete nanhasi.”

<sup>8</sup> Ndinotenda kuti ndizvo. Ndinoziva kuti ndizvo. Ndinoziva kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino kana chechi yaKe ikangozvisunungura uye yorega Mwari vave nekodzero yekupinda mumoyo yavo, muchaona kuratidzwa kumwe chete nekuratidzwa kwesimba; uye tichaona rumutsiro rwunozunguza, kwete rwunozunguza Los Angeles chete, asi rwunozunguza pasi rose Kuuya kwaIshe Jesu Kristu kusati kwasvika. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>9</sup> Ndinoona Jairosi mudiki a—ari neche uko. Ndinonzwa vaprisita vese vachiungana pamwe chete uye voti, “Zvino, tarisai pano, hatisi kuzova nechokuita nerumutsiro rwuri kuitika munharaunda. Hatingokwanise kuva nechekuita narwo. Zvino, rangarirai, ndiwo wedu. . . Uye chero vanhu vane chekuita, tichavadziringira kunze chaiko.” Saka, zvino, Jairosi aiva nechечи duku yakanaka, zvichida, saka aisangokwanisa kuzvibanidza neboka rakadaro. Asi mumwoyo make, aitenda Ishe Jesu zvechokwadi.

<sup>10</sup> Saka, rimwe zuva, mwanasikana wake muduku akarwara. Munoziva, Mwari vane nzira yokukuita kuti utende, imwe nguva, kana usingadi. Hongu, changamire, Vanogona. . . Va—Vanodaro. . . Vanoshanda nenzira dzisinganzwisike, pavanoita zvishamiso zvaVo. Saka musikana mudiki uyu, akarwara. Saka, zvichida chinhu chokutanga chaakaita, sezvazvingava, pane imwe nguva ipi zvayo, akadana chiremba. Zvino chiremba ndokuti, “Saka, pamwe ndinogona kudhonza nemaari. . . kumubatsira kuti ararame,” (Ruregerero.) “kumubatsira kuti ararame mukati mezuva rimwe kana maviri.” Saka, akatanga kumupa mishonga yake yese, asi akaramba achiwedzera kurwara nguva dzose. Mushure mechinguva, nguva huru yepakati pehusiku yakasvika. Chiremba anodaidza Jairosi kunze kwemuswiwo, ndokuti, “Jairosi, Mufundisi, changamire, ndine hurombo kukuzivisai, asi mwana wenyu asara nenguva shoma

chete yekuti ararame. Ari kufa.” Oo, ndinogona kufungidzira manzwiro emuchinda mudiki iyeye, anonzwisa urombo. Chii chamunofunga kuti chakasvetukira mupfungwa dzake, pekutanga? Jesu, ipapo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>11</sup> Unoziva, hausi kungoMuda zvakanyanya chete. Pachava nenguva yauchazonyatsoMuda. Ndinovimba unoMwana usati wafa, asi kana zvisirizvo, kana wava panhovo yako yerufu, uchaziva zvechokwadi kuti chinamoto chechinyakare ichi ndicho chinhu chakakutakura nemunguva dziya dzerima. Unogona kufunga kuti kupengereka zvino, uye vanhu vacho vane kakupenga mumusoro wavo, asi mira kusvikira mutumwa worufu agogodza pamukova. [Hama Branham vakagogodza papurupiti—Mupepeti] Ndinokuudza, kunyara kwose kuya, nekungosaririra, nekutonhora zvichazunzwa kubva pauri ipapo, kana, uchada kuti zviende, zvisinei. Amen.

Cherechedzai, ndiri kuona muchinda muduku uyu, apo hana yake inotanga kurova, anoti, “Chiremba, munofunga hapana chamungaitirawo mwana wangu?”

“Kwete. Mushonga wese wakundikana uye musikana ari, zvino, mwoyo wake uri kungorova zvisiroma, uye ari kutofa zvino.”

<sup>12</sup> Oo, ndinomuona achipinda, odaidza mudzimai wake panze, oti, “Mudiwa, unoziva ndi—ndi—ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Unoziva mbuserere dziya dzekunamatira vanorwara dzanga dzichiitwa muno? Tinoziva kuti chechi yedu inopesana nazvo, asi, unoziva, ndi—ndi—ndinonzwa sokuti kana tikawana Jesu uya weNazareta, pamwe Angamubatsira.”

<sup>13</sup> Zvinoka, ndiri kumunzwa achiti, “Zvino—zvino, tarisa mudiwa, zvino, haudi kukanganisa chimiro chako pakati pevanhu zvino. Kana chiremba ati ari kuenda, zvatoringana.”

<sup>14</sup> Asi izvozvo hazvina kuringana mumwoyo waJairosi. Akanga aona Jesu Kristu ari pabasa, uye chero munhu akamboona Jesu Kristu ari pabasa haangambovi zimwe chetezvo zvakare. Ndizvozvo. Anofanira kuziva kuti pane chimwe chinhu chiri kufamba, pane chimwe chinhu chakasiyana. Uye hazvina kuringana naJairosi, kwete, changamire. Zvakadaro, ndiri kumuona achipinda otona ngowani yake duku yohufundisi oipfeka, opfeka bhachi rake duku, overevedza achibuda. Mumwe munhu akati, anofanira kunge akamuudza, kuti Jesu akanga achiuya. Munoziva, iyoyo—iyoyo imharidzo yakanaka kuparidza nazvino, manheru ano. Haulungu kudaro here? Ndinovanzwa vachiti, “Ah, Ari kuuya neche uko nenzira iyo.”

Uye ndiri kuona Jairosi achiti, “Zvino, ndichaverevedza ndichibuda.”

Uye ndiri kunzwa vamwe vemuchechechi yake vachiti, “Uri kuenda kupi, muchinda wechidiki?”

“Zvakanaka, tiri kuenda uko kune...ini...zvakanaka...nda—ndangofunga kuti pamwe ndimbofamba-famba.”

<sup>15</sup> “Ndinoziva kuti chii, ndanzwa hurukuro. Uri kuendera murapi mutsvene uya ari kuuya zasi uko. Zvino, rangarira, isu tiri madhikoni. Uye kana uine izvozvo, kanzuru huru inotevera,” kana—kana chero zvaingava “ti—tichakudzinga.” Handina kureva izvozvo, nekuti pane vedare...Handina kuzvireva izvozvo saizvozvo; asi zvisinei. “Zvakanaka, tiri kuzokushanda newe sechechi nguva inotevera.” Chero zvazvingave, *musangano*, kana chero zvazviri. “Tichakudzinga kana ukatamba nemuchinda iyeye, munuona, isu hatina nechekuita newe.” Asi ndiri kumuona achibvunda-bvunda ipapo kwechinguvana ndokuzunza ruoko rwake, achifunga. Asi, tarisai, aiva nechishuwo. Yakanga iri, tariro bedzi yaakanga ainayo, yakanga iri muna Jesu Kristu. Amen. Chinhu choga chaigona kuita kwaiva kusvika kuna Jesu nokukurumidza chaiko, kana kuti mwanasikana wake aizofa.

<sup>16</sup> Saka, ndiri kumuona achiverevedza zasi nenzira, uye unganano yake ichiti, “Hoyoka oenda. Tarisai apo, kunyadzisa, tarisai kuri kuenda chechi yedu zvino. Zvino vachazvisanganisa mukupengereka ikoko.” Asi muchinda uyu, mufundisi iyeye, hama, aida kusvika kuna Mwari. Iye—iye aida kuwana mumwe Munhu aiziva zvaAitaura nezvazvo. Hongu, dzidziso yose yebhaibheri nezvimwe zvose zvaakanga adzidza, akazvirasira parutivi. Zvakanga zvisiri chinhu ipapo, mwana wake akanga ava kufa.

<sup>17</sup> Oo, Mwari vane nzira inoshamisa sei yekutiunza kupfungwa dzedu, dzimwe nguva, apo neapo, kuti tizivise kuti Mukuru Ndiani, pamusoro pezvine chekuita nechechi yeChikristu. Ndizvozvo.

Zvino ndiri kumuona achiverevedza zasi, Jesu anosimuka, obuda kunze kwegwenzi duku riri pamahombekombe, uye ndiri kuona igwa raKe diki richisundira mukati.

<sup>18</sup> Uye chokutanga munoziva, pakanga paine mudzimai mudiki akanga akagara kumusoro uko, pamwe, zvichida achiruka kana chimwe chinhu; uye akanga atora chikwereti chepurazi, vanachiremba vakanga vatora zvose zvaava nazvo, uye hapana chaigona kumisa kubuda kweropa rake—rake. Zvino akati, “Oo, hapo paAri. Zvino, ndiye Muchinda uya ari kuparidza kupodza kwaMwari. Zvino, handina basa nezvavanotaura pamusoro paKe, ndinoMutenda, uye kana ndikangokwanisa kubata hanzu yaKe, ndinopora.” Zvino, hezvoka izvo. Zvino, ndiko kwaiva kubata kwake, kana aikwanisa chete kubata hanzu yaKe, aizopora.

<sup>19</sup> Zvino, akaziva kuti haakwanise kuva ne—nehurukuro naIshe Jesu, saka, ndinogona kungomufungidzira, ndichimuona achiuya achidzika achibva nepachikomo kunosangana naYe,

munoziva. Uye ipapo, Ari kufamba achikwidza nenzira, nevanhu vachirumbidza Mwari nokuda kweaKe... mabasa anobwinya, akanga aitwa mune mamwe maguta, uye vachitarisira kuona chimwe chinhu chichiitwa ikoko.

<sup>20</sup> Vaprisita vakamira shure kwakadaro, uye nhengo dzechechi dzakatonhora, dzetsika dzichiti, “Zvino, ndinoshuva dai watarisa. Tarisa vanomunamata: machinda aya anobva parwizi zasi uko; boka riya remarara rinonzwisa urombo; chimwe chinhu chatisingashandisi musinagoge redu: ndivo vanomunamata.” Saka, ndizvo... Chazvakanakira Aive nemumwe munhu aiMunamata zvakadaro.

<sup>21</sup> Saka, zvino, ndiri kuona mukadzi mudiki uyu achiuya, achiverevedza, chiso chakachenuruka uye—uye miromo yake midiki yakatetepa kwazvo, uye muviri wake wakange usina simba, uye akanga achiverevedza. Akanga aisa chirukwa chake pasi, zvino ndokuuya zasi. Chekutanga munoziva, ari kuedza kumanikidzira kupinda nepakati, zvino ndokusangana nemufundisi wake. Vakati, “Uri kuendepi?”

Akati, “Mufundisi, Changamire, ndiri... Chimwe chinhu chandiudza mumoyo mangu, pandange ndakagara kumusoro uko, kuti kana ndikagona kubata hanzu yaKe...”

“Nhai, hushingi hwacho! Iwe unotenda chinhu chakadaro *seichocho*, mushure medzidziso yese yawakawana?”

<sup>22</sup> “Asi, Chimwe chinhu mumoyo mangu chinondiudza,” akadaro, “Kana ndikangogona kuMubata chete, ndinopora. Chii chamakandiitira? Vanachiremba vakandiitirei? Ndiyo tariro yangu yoga, saka ndiri kuedza kuMubata.”

<sup>23</sup> Mwari, ipai mhando yekutenda kwakadaro kumunhu wose agere pano manheru ano. Regai ndiMubate, zvisinei kuti vamwe vanhu vakati chii, regai ndiMubate. Kusvika kwaAri, ndicho chinhu chikuru.

Ndiri kumuona. Anofamba. Mufundisi vakati, “Kana ukadaro, ndichabvisa zita rako mubhuku rechechi,” uh-huh, “kana ukazviita.”

Hazvina chero mutsauko wazvakaita kwaari, moyo wake wakange watsunga. Aida kusvika kuna Jesu, ndicho chinhu chikuru.

Bhodhi remadhikoni rakati, “Zvakanaka. Tichakutarisa, kana ukauya Svondo mangwanani, tichakusundira kunze, zvakare.”

<sup>24</sup> Hazvina mutsauko wazvakaita kwaari, akamanikidzira nemuchaunga imomo, zvichida akakambaira nepakati pemakumbo avo, nezvimwe zvose, kusvikira asvika pane imwe zvimbo, akabata hanzu yaKe. Akamira kwakadaro uko, kunze muchaunga saizvozvo, akati, “Saka, ndizvo zvandanga ndichingoda kuita.”

Ndiri kunzwa vaFarisei ne... mufundisi wake nevamwe vachiti, “Zvino, hapana musiyano mauri.”

“Unogona kusafunga kuti pane musiyano, asi ndinoziva kuti pane musiyano,” aidaro.

<sup>25</sup> Chekutanga munoziva, kutenda ikoko kuchifamba maari, Ishe Jesu vakatendeuka ndokuti (Vakanzwa chimwe chinhu chakabuda maVari pane imwe nzvimbo, rimwe simba.), Vakati, “Mwanasikana, kutenda kwako kwakuponesa.” Ameni. Kubuda kweropa kwakamira, kwakamira pakare ipapo. Kutenda kwake kwakanga kwamisa Jesu, kutenda kwake kwakanga kwawana zvaishuvira.

<sup>26</sup> Ndinoona muchinda mudiki achiuya, achitaridzika kureba, chiso chake chakatsvuka, maziso ake akatsvuka, zvakare, zvichibva pakugara akasvinura nemwanasikana wake muduku. Ndokuuya achiverevedza kupinda, uye kuti, akaona vamwe vafundisi vose vashanya vanobva kucheche imwe cheteyo yaaipinda. “Zvino, ndichaita sei? Hoyo Jesu, asi tarisa avo vachandiseka. Vese vachandiona ndichienda kucheche manheru ano, uye vachaona mhando yeboka randiri kuwadzana naro, asi mwanasikana wangu ari kufa, ndinofanira kusvika kwaAri.”

<sup>27</sup> Hoyo iye... hoyo anoenda achidzika, akati, “Tenzi, Ishe, huyai muise ruoko rweNyu pamwanasikana wangu muduku, uye achapodzwa, nokuti ndiye mwana wangu woga, uye ava pachinhano chekufa iko zvino. Kana Mukangouya moisa ruoko rweNyu paari, anopora.”

Zvino, ndiko kwaiva kutenda *kwake*, kuturika maoko pamusoro pake, ndizvo zvaaitenda.

<sup>28</sup> Petro, paakanga ari muigwa husiku hwakapfuura, kana humwe hwakadaro, uye mvura yaitenderera ichikwira nekudzika zvino—zvino Jesu akanga amire, achifamba napamusoro pemvura, uye vainge... akaMutya. Akafunga kuti Aive—Aive chipoko, kana chimwewo. Akafunga kuti raiva goritoto. Uye Chinhu choga chaigona kuvabatsira, vaiChitya.

<sup>29</sup> Ndizvo zvazviri nhasi uno nevanhu. Ndiro dambudziko neAmerica manheru ano. Chinhu choga chinogona kuponesa America kubva pakuparadzwa zvachose kudzokera kuna Mwari nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo. Uye vanochitya. Ndizvozvo. Mwari vatibatsire kuti tive nerumutsiro rwunozunza rwuchibvisa makoko. Ndizvo zvatinoda manheru ano.

<sup>30</sup> Zvino, apo Petro, akati, “Ishe, kana muri Imi, ingondiudzai kuti ndiuye kwaMuri uye ndichauyawo ndichifamba zvakare. Shoko reNyu rakandikwanira.” Vaprisita, tsoka dzavo padzakagumha mvura vaine Areka, ndipo paiva nekutenda kwavo, tsoka dzavo padzakagumha mvura.

<sup>31</sup> Uye Mukuru wezana wechiRoma akanga aine shamwari yake yakanga ichirwara, muranda wake, akati, “Handikodzeri kuti Mupinde mumba mangu: ingotaurai Shoko, nokuti ndiri munhu ari pasi pesimba: uye ndinoti kumunhu uyu, ‘Ita ichi,’ uye anochiita; uye kumunhu uyu, ‘Ita icho,’ uye anochiita.”

<sup>32</sup> Munoono, muRoma iyeye akacherechedza kuti Jesu, Shoko raKe, raiva nesimba rose raidiwa pakupodzwa kwemunhu iyeye. Aiziva kuti maAri makaiswa simba raJehovha Mwari. Uye aiziva kuti chero chipi chaitaurwa naJesu, kuti Akakunda zvirwere, Akakunda gungwa, Akakunda matenga.

<sup>33</sup> Ndizvo zvaAri manheru ano, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Dai taingokwanisa kucherechedza kuti Shoko raKe rine hutongi hwepamusoro pamusoro pemadhimoni ose, simba rose, chose, zvole, zvinhu zvole, chivi chose, hurwere hwose, hoshwa yose, chirema chose. Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Tenda zvaAkataura.

<sup>34</sup> Akati, “Ndiri munhu ari pasi pesimba, uye ndinoziva kuti chero munhu ari pasi pangu anofanira kunditerera; shoko rangu murawo nekuraira; anofanira kuzviita.” Uye aiziva kuti Jesu Kristu aive nehurwere huri pasi petsoka dzaKe. Akanga aine hoshwa yose iri pasi petsoka dzaKe.

Uye zvikuru sei, mushure mekunge Akafira chinangwa ichocho uye akachitengera iwe neni, tinofanira zvakadii kutenda Shoko raKe. Amen. Hezvoka izvo.

<sup>35</sup> Zvinotaurwa naJesu ndizvozvo: Unogona kukunda dhimoni rese, hurwere hwese, hoshwa yese, kana ukangatora simba rako rawakapihwa naMwari, iro Jesu Kristu akati, “Chose chamunokumbira muZita raNgu, Ndichachiita.” Amen. Ndizvo zvatinoda manheru ano, iboka revanhu vanosimuka. Vanhu ava, vanozviti maPentekosti, vanogona kubatanidza mwoyo yavo pamwe chete mukushingaira kukuru kumwe chete, voti, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Simba raKe iguru kwazvo, uye zvaAkataura muShoko raKe, Anozvitsigira.” Amen. Zvino muchaona chechi ichisimuka musimba reKubwinya kwaMwari, uye ichienderera mberi. Amen.

Zvino, Jairosi akati, “Huyai muturike maoko eNyu pamwanasikana wangu, uye achapora.”

Jesu akati, “Ndichaenda.”

<sup>36</sup> Pano vanotanga kufamba vachienda. Ndiri kuona hana yaJairosi mudiki anonzwise urombo ichipotsa kurova pano neapo, achienda hake, achiti, “Oo, ini—ini handina basa nezvinotaurwa nechechi. NdinaYe achiuya kwangu zvino. Ari kuenda kumba kwangu. Uye ndinoziva kana Akangopinda mumba mangu bedzi, handina basa kuti vamwe vose vanoti kudii.”

<sup>37</sup> Ndiwo manzwiwo andakaita nezvazvo, zvakare. Pandakanga ndiri muparidzi weBaptisti, vakandiudza kana ndikaendako, “ndofambidzana navo vaumburuki vatsvene,” kuti ndaizova mumwe wavo. Jesu akauya kumba kwangu rimwe zuva. Hareruya! Ndakange ndisina basa nezvavakataura mushure mazvo. Hongu, changamire. Mushure mokunge Auya kumba kwangu, zvakabva zvaringana, kana ndiri ini. Ndakafara kuti Iye asvikeko. Hazvina kana kumboita chero mutsauko zvawo izvo zvakataurwa nyenika yese.

<sup>38</sup> Zvavanotaura manheru ano, hazvina basa kwandiri, chero bedzi ndichiziva kuti Ari mumba mangu. Ameni. Zvinhu zvese zvakana, mune rugare nerunyararo imomo zvino. Kwaimbove nehondo nematambudziko, zvese zvakanyaradzwa zvino. Jesu akapinda mukati.

<sup>39</sup> Ndinoona Jairoso achifamba hake. Ndokubva kuvhundutswa kwauya. Ndiyo nzira dhiyabhore anozviita. Chekutanga munoziva, hepanoi murume ndokuuya achimhanya, akati, “Usanetsa Tenzi; atofa kare.” Oo, chibhakera chiya chinouraya.

<sup>40</sup> Ndinoona Jairoso muduku achisvetuka ndokubata moyo wake. Ndinoona, kuti, Jesu, achifamba ipapo, chinyararire, akadzikama, akatendeudza maziso aKe anobwinya ndokumutarisa, akati, “Handina here kuti, ‘Usatya: tenda chete?’” Ameni. Ini zvangu, moyo mudiki uya wakanga wava kufenda, wakatanga kurova. Sei? Akaziva kuti Shoko iroro rakabva kuna Emanueri. “HaNdina here kuti kwauri, ‘Usatya: uchaona Kubwinya kwaMwari?’”

Vakaramba vachifamba, Jairoso akati, “Hongu, hongu, Ishe, ndizvozvo.”

<sup>41</sup> Ndiri kunzwa, vanosvika pedyo nepamba, vese vari kuchema nekudanidzira vachienderera kunze ikoko, vachiita ruzha rwakawanda. Uye ndiri kuona nhengo dzeche—chechi dzakamira ipapo, dzichiti, “Uh-huh, wazvinyadzisa pachako; wadzika zasi uko uye waratidza zvawanga uri.” Ndicho chinhu chakanaka chekuratidza zvauro. Ndinozvifarira izvozvo. Hongu, changamire. “Uh-huh,” vakati, “zvino tarira, hoyo mwanasikana wako, avete imomo, afa.” Jairoso akangovhara nzeve dzake, ndokungoramba achifamba achienda.

Jesu akati, “Usatya.” Haana. Akangofamba achienda mberi, kune rufu.

<sup>42</sup> Zvino anofanira kutenda pane zvisingagoneki, asi akatenda zvakadaro. Zvisinei kuti hazvigoneke sei, kana Jesu akazvitauro, ichokwadi. Ameni. Mutore paShoko raKe, zvinobva zvaringana. Havo vachienda, vachifamba vachidzika, mumwe nomumwe vachipindamo. Vanhu vakatanga kuMuseka. Akati, “Ipai nzvimbo,” kana kuti nemamwe mazwi, “Nyararai. Mudzimai haana kufa, musikana, haana kufa, avete.” Aiziva zvakawanda



pamusoro pazvo kupfuura chero ani zvake. Ndizvozvo. Zvino vakaMuseka, zvino nokuti vakaMuseka, vakabuditswa kunze.

<sup>43</sup> Saka, musaite jee naYe; muchabuditswa kunze, chokwadi chaizvo. Ndizvozvo. Munamate, Mutende, Mupe rumbidzo nembiri, zvisinei nokuti nyika inoti kudii, ita zvaAkati uite. Ndizvozvo. Mutende, isa ruvimbo rwako maAri. Ndizvozvo. Usabuditswa kunze. Wana Mweya Mutsvene: wabhabhatidzwa muMutumbi, wasimbiswa kusvika pazuva rekudzikinurwa kwako. Zvisinei nokuti nyika inoti kudii, Jesu Kristu, kana Akakumbundira nemaoko Ake, usacherechedza kuti chii chimwe chiri kuitika. Amen.

<sup>44</sup> Ndiri kuMuona achifamba achipinda. Vakati, “Oo, tinoziva kuti afa. Inzwai muumburuki mutsvene uyo zvino, kumusoro uko, achiita saizvozvo, uye achitaura kuti musikana iyeye haana kufa. Tinoziva kuti afa. Hamusi kuona here? Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka nepfungwa dzemurume wacho.” Kwete, kwete, chikamu chepfungwa chainge chiri cherimwe boka.

Ndizvo zvavanotaura nhasi: “Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka nepfungwa dzeChechi.”

<sup>45</sup> Hapana chakaipa neChechi. Uh-huh. Vakataura, imwe nguva, kuti Pauro naSirasi vakapidigura nyika. Kwete, kwete, vakaitendeudza zvakanaka. Yakanga yakapidiguka pakutanga kwacho.

<sup>46</sup> Ndizvo zvairi nhasi. Kwete kupidigura nyika, kuitendeudza uchiimisa zvakanaka, zvino woinongedza yakananga kuDenga uko Jesu Kristu agere kuruoko rwerudyi rweHumambo hwaKe. Ndizvozvo. Kwete kupidigura nyika, asi kuitendeudza zvakanaka kuti itarise kumusoro. Ndizvo zvatinoda manheru ano muCalifornia, ndizvo zvatinoda manheru ano kwese pasi rose: rumutsiro rwuchazunguza vanhu kubva muchimiro chekubatwa nenyika, votarisa kumusoro kuna Baba veKudenga Vakaisa nyeredzi munzira dzadzo kure, Vakasika zvisikwa, uye vakatipa simba, kuti, chero chipi chatinokumbira muZita raVo, tichazvipihwa.

Kutenda kwedu kuripi? Ini zvangu, ini, dzimwe nguva, ndinonzwa kunyara nesu, kuedza kuratidza kutenda kwedu kuduku, kusina kusimba kwaVari.

<sup>47</sup> Zvino, ndinoda kuti mucherechedze. Pavakabuditswa nokuda kwokusatenda kwavo pamwe nokuseka, Jesu akamira ega nevairwadiwa mwoyo, baba naamai, Petro, Jakobho naJohane. Hapo paAiva. Nechekunze, ndinovanzwa vachiti, “Chimbomirai kusvikira Jairosi iyeye abuda, tichashanda naye sechechi. Tichakandira mhuri iyi kunze,” muprisita akanga, “hatisi kuzova nechimwe chinhezve chekuita navo, kutandadza boka rakadaro seiro. Nhai, hapana chimwe chavaita kunze

kwekuunza kunyadziswa nekupidigura nyika.” Inzwai izvozvo, ruzha rwose irworwo kunze uko.

<sup>48</sup> Asi muna Ishe Jesu Kristu iyeye, Aive akazodzwa nesimba raipfuurira miganhu iyi inodzivisa iri panyika. Hongu, changamire. Akafamba achienda kuchimiro chakarara chemusikana iyeye, chakatonhora (Oo, Hareruya!), akamubata neruoko, akaringa-ringa kwose. Munhu wese aripi? Vari kunze, vachiseka, vachitsoropodza nezvese. Akanga akazodzwa nesimba rokuti Aigona kutaura kune imwe nyika. Akataura nendimi, akati, “Tarita,” kureva kuti, “Mweya, dzoka kuno kumusikana uyu.” Hareruya!

<sup>49</sup> Akapa simba rimwe chete iroro kuChechi yaKe. Amen. Paunenge wasiwa wega uye wakaderera, Mwari vanotipa mutauro wekutura kune imwe nyika. Jesu paakasiwa ega pamuchinjikwa uye vanhu vese vaMusiya, Akafa achitaura nemumwe mutauro: “Mwari waNgu, MaNdisiyireiko?” Uye chechi manheru ano yakazodzwa nemhando yesimba rakadaro. Hareruya!

<sup>50</sup> Musikana iyeye akafa akanga arere ipapo, afa uye aiswa mishonga yokuchengetedza zvitunha, akazvambarara panhowo rakanga rine maruva akamiswa, uye ose akanga akamupoterredza. Mweya iwoyo unofa uri mhiri uko, wakaziva Tenzi wawo, uye mweya iwoyo wakadzokera mumutumbi uyu; uye musikana akanga avete ipapo akafa, aiswa mishonga yezvitunha, akarara panhowo, akasimukazve netsoka dzake. Hareruya!

Ndinogona kufungidzira huchapupu hwaJairosi munyika yose, ipapo. Hamukwanise here?

<sup>51</sup> Ndizvo zvimwe chete manheru ano. Avo vakambosangana naJesu Kristu, uye voziva simba rekumuka kwaKe, vanoziwa simba rekupodza kwaKe: Hauna basa nezvinotaurwa nenyika, zvinotaurwa nechero ani zvake; kana wakambobata Jesu Kristu, unoziva kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; uye nyika, pamwe nezvinotaurwa nevanhu, hazvisvike pane *izvozvo*. [Hama Branham vakaridza minwe yavo—Mupepeti] Amen!

<sup>52</sup> Mweya Mutsvene uri muchivakwa chino zvino. Ndakamira pano, ndichiedza kubata chizoro kuitira shumiro iyoyo yekunamatira vanorwara iri kuuya, chivakwa chose chiri kuita sekuya nemhute kwandiri. Handisi mupengereki. Ini handitombotendi mukupengereka, asi ndinoziwa zvandiri kuona. Ndinoziwa zvandiri kutaura nezvazvo. Ndizvozvo. Chizoro cheMweya Mutsvene chiri kupinda muchivakwa chino izvozvi. Pane simba reMweya Mutsvene pano kupodza munhu wese, iko zvino papuratifomu ino. Ndinotenda kuti hapana... Kana ukaita chete... Chokwadi Mwari vakaratidza kwamuri, muhusiku hushoma hwakapfuura, mushumiro idzi nezvinhu, kuti ndiri kutaura chokwadi kwamuri.

<sup>53</sup> Ndinoti kwamuri, kana ndakambotaura chokwadi muhupenyu hwangu, ndinochitaura zvino, pamberi paMwari, kuti Jesu Kristu akapodza mumwe nomumwe wenyu, makore chiuru chimwe nemazana mapfumbamwe akapfuura. Chinhu choga chaunofanira kuita, kuzvigamuchira iko zvino pahwaro hweRopa raKe rinoyananisa, uko. “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu: kurohwa kwakatigira rugare rwedu kwakanga kuri pamusoro paKe; uye nemavanga aKe takapodzwa,” zvino, munhu wose ari muno. Uye chinhu chega chinoitwa nekuparidza Evhangeri kana chero chimwe chinhu, kuratidza bedzi simba raMwari vapenyu kuratidza kuti Vari pano.

<sup>54</sup> Pandanga ndakamira pano kuti nditaure, ndichifunga pamusoro paMwari, ndichiVaropafadza, ndinoziva kuti Vari muchivakwa chino zvino. Mwari vamwe chete vakanga vari mumba naJairosi, nemwanasikana akafa vakamumutsa; Vamwe chete vakanga vaina Petro kunze pagungwa husiku huya paVakati . . . vakauya vachifamba napamusoro pemvura; Vamwe chete avo mudzimai akabata mupendero wehanzu yaVo, vamire pakati penyu manheru ano. Ndizvozvo chaizvo. Mweya Mutsvene, Jesu akati, “Pose panoungana vaviri kana vatatu, Ndichava pakati pavo.” Ari pano.

<sup>55</sup> Munhu wese ari muno, ndinokuudzai nesimba reShoko raMwari, nemuZita reMwanakomana waVo, Ishe Jesu Kristu, Uyo wandichamira pamberi pake muZuva reKutongwa, kuti simba raKe rinokwana iko zvino.

<sup>56</sup> Ndiri kungoona Chimwe chinhu chichifamba, handizivi kuti chii chiri kutora nzvimbo, uko kuungano. Handitozivi zvekutaura. Ndapererwa nemashoko. Ndinoziva kuti Ari pano zvino. Ndizvozvo. Ndinooona Mweya Mutsvene uchifamba muungano. Handi . . . Iye—Iye haasi kuzonditendera kuti ndidane chero mutsara wekunamatirwa.

<sup>57</sup> Ndiri kuUona zvino. Wakaremba pamusoro pemudzimai wechitema agere pano, ari kurwara nebu—bundu, agere apo chaipo akapfeka ngowani chena. Ane bundu. Bundu iroro riri mudumbu, handizvo here, mudzimai? Simukai netsoka dzenyu. Rabva pamuri zvino. Mapodzwa. Munogona kuenda kumba. Amen.

Oo, ngarirumbidzwe Zita raIshe Jesu Kristu, Uyo musimba netsitsi dzaKe zvisingaperi . . .

<sup>58</sup> Hongu, ndinoUona, uh-huh, wakamira pamusoro pemudzimai, ipo pano, akagara akanditarisa kumucheto chaiko kwemutsara apo. Ari kurwara nematombo emuitsvo. Zvakanaka, mudzimai, simuka. Jesu Kristu akupodzai. Endai kumba, zvino. Kutenda kwenyu kwakupodzai.

<sup>59</sup> Pane mudzimai akagara kuseri kwavo chaiko, ingangoita mitsara miviri kumashure nemiviri mukati, agere imomo ane

kenza. Mudzimai, unoda kupodzwa here? Jesu Kristu akupodzai. Mirai netsoka dzenyu. Hareruya! Oo!

<sup>60</sup> Munofungei nezvazvo, amai? Ndakunzwai nguva shoma yapfuura. Muri kurwara nebundu, hamusi here? Mirai netsoka dzenyu zvishoma. Munotenda here kuti ndiri muranda waKe? Munotenda here kuti ndaparidza chokwadi? Munotenda here kuti Jesu Kristu ari pano, mumwe chete zuro nokusingaperi? Mune bundu, uye bundu iroro riri mumusoro, handizvo here? Isai ruoko rwenyu pamusoro pemusoro wenyu uye muti, “Ishe Mwari, ini zvino ndinotsiura muvengi.” Isai ruoko rwenyu pamusoro pemusoro wenyu.

<sup>61</sup> Oo, Baba, ndinonamata kuti nemuZita raJesu Kristu, Uyo wandinimirira zvino, kuti Mugopa mhosva dhiyahore iyeye uye moribvisa pamudzimai nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu. Ivai nekutenda muna Mwari, musapokane.

<sup>62</sup> Mirai zvishoma. Hepanoi pachiyaya Chimwe chinhu chichifamba muchivakwa. Munofunga kuti ndiri kupenga; handisi. Ichi ndicho chizoro cheMweya Mutsvene, Ishe Jesu vamwe chete Vakamira, uye vakatarisa kuungano, uye vakaona zvavaiita, Vakaziva pfungwa dzavo, vakaona zvavaiita nezvimwe zvakadaro. NdiIshe Jesu vamwe chete vari pano izvozvi. Handisati ndambozviona nemutowo uyu, asi ndizvo.

<sup>63</sup> Hongu, ndiri kuUona uchifamba zvakare. Mudzimai, ari—ari kurwara nekupera simba. Akagara kumashure chaiko uku. Akanditarisa izvozvi. Auya...Mumishinari. Simukai netsoka dzenyu, kumashure chaiko uko amai, mumishinari. Mauya nepamusoro pemvura kune imwe nzvimbo. Ndiri kuona mvura, uye, mauya muchibva kuAfrica, hamuna here? Ndizvozvo...?...Mapora, endai kumba, Mwari vakupodzai. Hareruya!

Mwari vapodzwa mumwe nemumwe wenyu. Mirai netsoka dzenyu, munhu wese.

<sup>64</sup> Mwari Samasimba, nemuZita reMwanakomana weNyu, Ishe Jesu Kristu, tumirai maropafadzo eNyu nesimba, uye muite kuti unganise yose iyi...?...kubudikidza nemuZita raJesu Kristu.

<sup>65</sup> Mirai netsoka dzenyu. Chirema chese, munhu wese, munhu wese apodzwa. Simudzai maoko enyu mupe Mwari rumbidzo. Simukai kubva pamahwiricheya enyu, zvese. Ipai Mwari Samasimba nzvimbo mumoyo menyu uye muvembe naVo apo munenge muchienda nenzira yenyu.



*JAIROSI* SHO54-0803  
(Jairus)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri manheru, Nyamavhuvhu 3, 1954, paWorld Church muLos Angeles, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)